

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa ngagunakeun basa salaku alat komunikasi dina hirup kumbuh sapopoé. Ari basa téh miboga sipat komunikatif. Luyu jeung éta hal, Sudaryat (2014, kc. 21) nétélakeun yén komunikatif téh mangrupa sipat tina komunikasi. Komunikasi mangrupa prosés nepikeun pesen ti panyatur ka pamiarsa ngaliwatan médium basa.

Dina komunikasi antar panyatur, basa téh mangrupa unsur pangpentingna mangka dina makéna ogé teu sagawayah lantaran dina komunikasi aya anu disebut ragam basa. Unggal kagiatan ngabutuhkeun sarta ngalantarankeun ayana dialék ragam basa. Ari ragam basa téh aya nu disebut dialék sosial. Ilaharna dialék sosial muncul lantaran ayana rupa-rupa kahirupan dina makéna basa saperti bébédaan kelompok panyatur basa. Ku kituna, basa nu dipaké ku hiji kelompok masarakat nu tangtu moal sarua jeung basa nu dipaké ku kelompok masarakat séjénna, mangka basa anu digunakeunna téh ngaragam.

Dina ieu panalungtikan digunakeun istilah dialék sosial lantaran dialék sosial téh kaasup wanda ragam basa anu medar perkara basa anu digunakeun ku anggota kelompok masarakat nu tangtu, saperti dialék sosial nu digunakeun ku para nonoman. Sakumaha anu dipedar (Suandi, 2014, kc. 40) yén dialék sosial nyaéta dialék anu digunakeun ku kelompok sosial nu tangtu atawa kelompok nu miboga stratum sosial nu tangtu.

Dialék sosial bisa ngabalukarkeun pasalia paham lantaran ilaharna dialék sosial téh saukur dipikanyaho ku kelompok nu tangtu. Ku kituna, teu sakabéh jalma ngarti kana dialék sosial utamana basa anu can ilahar dipaké ku masarakat séjén. Saperti nu dipedar ku Mappau (2013, kc. 280) yén basa sosial sok disebut ogé basa sandi, nyaéta basa nu dipaké sarta dipikawanoh ku para kelompok nu tangtu tur kawatesanan. Lian ti kitu, masalah anu disanghareupan ku para panyatur di luar kelompok téh lain sakur perkara basana anu teu dipikaharti, tapi ogé dina perkara struktur tulisanna katut kasalahan léksikal anu digunakeun dina dialék sosial. Dialék sosial ogé sakapeung sok kababawa dina kaayaan formal, boh dina kaayaan tulisan boh lisan.

Ayana dialék sosial téh salah sahijina dipangaruhan ku kamajuan téhnologi nu ngabalukarkeun rupa-rupa kajadian dina widang komunikasi. Kiwari basa Sunda geus kapangaruhan ku basa séjén kayaning basa Indonésia jeung basa asing. Éta hal téh ayeuna mah geus kasampak dina média sosial kayaning *instagram*, *twitter*, *facebook* jeung sajabana. Ieu hal luyu jeung nu dipedar ku Suyanto (2006) yén kamajuan téhnologi informatika téh jadi faktor pangrojong dina mekarkeun sarta ngaronjatkeun makéna basa sosial. Ku kituna, éta alat téh jadi sarana pikeun nyebarkeun dialék sosial nu pangéktifna komo deui dina dunya maya saperti dina postingan média sosial.

Média sosial mangrupa hal anu bisa mangaruhan kana kamekaran basa. Kiwari masarakat teu bisa leupas tina nu ngaranna média sosial, salasahijina nyaéta *instagram*. Postingan nu aya dina média sosial téh lolobana maké basa anu ngaragam, kayaning basa Indonésia atawa basa asing sarta basa Sunda anu kacampuran ku basa séjén. Éta hal dilantarankeun sangkan postinganana bisa ngirut nu maca. Ayeuna mah loba akun *instagram* nu dikokolakeun ku urang Sunda asli sarta dina postinganana ngagunakeun basa Sunda salaku basa panganteurna.

Akun *Instagram* @kata_sunda mangrupa salasahiji akun *instagram* anu maké basa Sunda salaku basa panganteurna. Ieu akun sok midangkeun *status* dina basa Sunda. Udagan tina ieu akun pikeun méré hiburan ka pamiarsa. Salian ti kitu, akun @kata_sunda ogé mangrupa akun sunda anu loba *followers* jeung *postinganana*. Per tanggal 31 Désémber 2019 aya 156.000 *followers* sarta 1023 *postingan*. Dina *postinganna* téh loba nu ngagunakeun dialék sosial.

Dina sababaraha postingan akun *instagram* @kata_sunda kapaluruh basa Sunda nu kapangaruhan ku dialék sosial. Conto kongkritna nyaéta dina postingan tanggal 27 Pébruari 2019 nyaéta “5 alesan doi teu ngabales chat sibuk pisan, teu penting, manéh goréng, manéh goréng, manéh goréng”. Kecap *doi* mangrupa dialék sosial nu miboga harti semantik nunjukeun “hiji jalma atawa gaganti ngaran manéhna”. Dina *instagram* téh ayeuna geus kabiasaan ngagunakeun dialék sosial boh admin nu ngokolakeun akun boh pamiarsa nu saruana sok maké dialék sosial. Éta hal ngabalukarkeun ayana dialék sosial dina akun *instagram* @kata_sunda.

Panalungtikan saméméhna nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta (Sartini, 2012) nu nalungtik ngeunaan variasi basa gaul rumaja disawang tina jihat

fonologi generatifna nyaéta analisis fonologi nu lengkep, basajan, tur hémat. Lian ti éta, Istiqomah, spk. (2018) medar ngeunaan analisis makéna basa *prokém* dina sakabéh média sosial. Ieu panalungtikan didadasaran ku aya patalina jeung wangenan basa *prokém* sarta analisis basana.

Aya sawatara panalungtikan dina wangun skripsi anu sawanda jeung ieu panalungtikan di antarana nyaéta nu nalungtik ngeunaan “*Basa Sunda Dialék Parung Panjang nu dipaké ku Siswa SMP/SMA di Kacamatan Parung Panjang Kabupatén Bogor* (Marantika, 2016). Éta panalungtikan téh medar ngeunaan basa sunda dialék Parung Panjang nu digunakeun ku siswa SMP jeung SMA di Kacamatan Parung Panjang. jeung “*Ragam Basa Sunda dina Akun Resmi Line Babandungan*” (Ramadhan, 2017) anu medar ngeunaan ragam basa dumasar kana wanda, wangun ragam basa sarta campur kode dina akun resmi *Line Babandungan*.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Ega Marantika (2016) sarua medar ngeunaan dialék. Ari sasaran ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Muhammad Ikhsan Ramadhan (2017) ogé sarua medar ngeunaan ragam basa nu maké ulikan sociolinguistik. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta sumberna sarta ulikan struktur tatabasa katut métode nu digunakeun. Panalungtikan meunang Ega Marantika (2016) sumberna ti siswa SMP/SMA di Kacamatan Parung Panjang. Ari panalungtikan Muhammad Ikhsan Ramadhan (2017) sumberna tina akun salasihiji akun *line* nyaéta *Line Babandungan* sarta saukur medar wanda ragam basana wungkul. Sedengkeun ieu panalungtikan leuwih nyoko kana dialék sosial nu mangrupa bagian tina dialék jeung ragam basa. Lian ti éta, ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun dua ulikan nyaéta ulikan struktural jeung ulikan sociolinguistik.

Pikeun ngungkulan pasualan dina ieu panalungtikan, dipaké ulikan sociolinguistik jeung analisis tatabasa. Wanda dialék sosial dipasing-pasing dumasar jihat panyaturna saterusna dianalisis tatabasana kayaning wangun kecap katut parobahan kecapna. Éta hal teu leupas tina tiori nu dipedar ku Meillet (Zulaeha, 2010, kc. 31) yén dialék henteu bisa ditangtukeun sacara pasti iwal ku cara nalungtik dumasar kana sistem fonétis-fonologis, morfologis, sintaksis, jeung léksikal. Éta hal luyu jeung pamadegan Aslinda & Syafyahya (2010, kc. 6) yén faktor linguistik nu mangaruhan kana basa sarta cara makéna diwangun ku

fonologi, morfologi, sintaksis, jeung semantik. Ku kituna, dumasar kana éta pedaran mangka perlu digunakeun analisis wangun kecap dialék sosial sarta prosés parobahan kecap dialék sosial. Panalungtikan nu nalungtik dialék sosial dina akun *instagram* @kata_sunda can kungsi aya nu ngagarap. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Dialék sosial dina Akun *Instagram* @kata_sunda”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, dialék sosial téh bisa disawang tina wanda, wangun, sarta prosés parobahan kecap kayaning:

- a. Wanda dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda. Wanda dialék sosial téh biasana ébréh dina wanda *akrolék, argot, basilék, jargon, ken, kolokial, slang, jeung vulgar*.
- b. Wangun kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda. Wangun kecap nu dimaksud nyaéta kecap nu ngagunakeun kecap salancar, rundayan, rajékan, kantétan, jeung kecap wacahan.
- c. Prosés parobahan kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda. Prosés parobahan nu dimaksud nyaéta kecap nu ngalaman prosés sirnaan, swarabakti, bagentén, asimilasi, jeung métatésis.

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun deui ngagunakeun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wanda dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda?
- b. Kumaha wangun kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda?
- c. Kumaha prosés parobahan kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum diayakeunnana ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun dialék sosial dina akun instagram @kata_sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. Wanda dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda;
- b. Wangun kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda; jeung
- c. Prosés parobahan kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat dina nambahan informasi ngeunaan ulikan sociolinguistik hususna dina dialék sosial. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré informasi ngeunaan analisis tatabasa struktur dina makéna dialék sosial.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik atawa nu maca. Anapon mangpaat praktisna ngawengku:

- a. Pikeun nu maca, méré pamahaman sacara tinulis ngeunaan wanda dialék sosial jeung struktur tatabasa wangun kecap sarta parobahan kecap dialék sosial nu aya dina akun *Instagram* @kata_sunda.
- b. Pikeun panalungtik, ngukur pangaweruh ngeunaan wanda dialék sosial; pikeun nganalisis dina ngalarapkeun struktur tatabasa kayaning wangun kecap, sarta parobahan kecap dialék sosial nu dina akun *Instagram* @kata_sunda.

- c. Pikeun guru, méré pamahaman sarta pangaweruh ngeunaan wanda dialék sosial sarta analisis katatabasaanna pikeun dijadikeun bahan pangajaran di sakola.
- d. Pikeun siswa, méré pangaweruh nu leuwih jembar ngeunaan dialék sosial sangkan dijadikeun sumber élmu pangaweruh.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan diperlukeun pikeun ngagampangkeun dina ngawincik masalah. Ieu di handap diébréhkeun tulisan dina ieu panalungtikan anu diwangun ku lima bab.

Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II medar ulikan tiori, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir, eusina ngeunaan tiori dialék sosial, postingan akun Instagram, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III medar métode panalungtikan, eusina medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina medar sagemblengna hasil panalungtikan. Eusina ngeunaan analisis hasil panalungtikan dialék sosial dina akun Instagram @kata_sunda.

Bab V medar ngeunaan kacindekan jeung saran. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Ieu saran ditepikeun ku nu nulis ka pamaca ngeunaan masih perluna panalungtikan anu sawanda anu bahanna leuwih lega ti ieu panalungtikan.